



Fich Pay It Off 2026 la sou Kesyon Moun Souvan Poze (Frequently Asked Questions, FAQ) (Haitian Creole)

Remak: Pou w kalifye pou Pay It Off la, paran ki p ap viv ak timoun yo dwe gen yon dèt pèmanan pou Depatman Sèvis Sosyal NYC a (NYC Department of Social Services, NYC DSS). Gade Kesyon n°3 pou jwenn plis enfòmasyon.

1. Poukisa mwen jwenn feyè sa a?

Ou te resevwa feyè sa a paske, nan moman yo te voye li, ou te gen omwen \$1,000 nan dèt pansyon alimantè, epi omwen \$500 nan dèt sa a ou dwe li bay gouvènman Vil New York (New York City, NYC) la / Depatman Sèvis Sosyal (NYC Department of Social Services, DSS). NYC ap ofri yon pwogram ki limite nan tan pou ede ou diminye kantite dèt pansyon alimantè ou dwe a.

2. Kijan pwogram sa a fonksyone?

Soti 2^{ye} Mas 2026 ak 13 Mas 2026 ou dwe fè yon pèman minimòm \$500 epi siyen ak soumèt akò Pay It Off la. Aprè sa, OCSS pral fè li koresponn ak pèman ou an pandan li ap diminye nan dèt ou an pou menm montan an (jiskaske ou rive nan montan ou dwe a).

Men yon egzanp:



EGZANP	Pèman Pay It Off yo fèt ant 2 ^{ye} Mas ak 13 Mas 2026	\$600
Plis (+)	Montan ki koresponn nan	\$600
Total (=)	Montan Total dèt gouvènman an/DSS la redui	\$1,200

3. Kisa sa dèt pèmanan ou dwe Depatman Sèvis Sosyal NYC (Department of Social Services, DSS) la vle di?

Se kòb ou dwe DSS pou Sipò pou Timoun, lè yon timoun ap benefisye yon Èd finansyè epi paran ki p ap viv ak timoun nan pa fè pèman yo dapre òdonans tribinal la.

4. Kòman mwen kapab peye?

Kèlkeswa fason ou deside peye a, nou pa kapab fè yon pèman koresponn san nou pa t resevwa yon Akò Pay It Off ki siyen. Li obligatwa pou w gen yon Akò diferan pou chak dosye pou w ka resevwa yon kredi.

Gen kat (4) fason pou ou peye:

- 1) **An pèsòn** avèk yon chèk, kat kredi/debi, oswa yon manda-postal -
151 W. Broadway, 5th floor
New York, NY 10013
Lendi pou rive Vandredi, soti 9 a.m. pou rive 5 p.m. (sof jou konje ak wikenn yo)

Ou ka ale nan youn nan senk biwo Tribinal Lafanmi OCSS nou yo epi fè yon pèman ak kat kredi/debi: <https://on.nyc.gov/contactocss>.

- 2) Itilize Aplikasyon NYC ACCESS HRA Child Support la pou ou kapab Aplike **sou Entènèt**:
www.nyc.gov/childsupportmobile
- 3) Voye yon chèk oswa yon manda-postal **nan kourye lapòs**:
OCSS – Pay It Off
PO Box 830
Canal Street Station
New York, NY 10013
- 4) **Rele nan 929-252-5201** ant 9è nan maten jiska 5è nan apre midi pou w fè yon pèman ak kat kredi nan telefòn.
 - Yo dwe resevwa pèman yo pou pita 13 Mas 2026 pou w ka resevwa kredi a. Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w fè yon pèman sou
<https://on.nyc.gov/paymentmethods>.
 - Soumèt li jan sa endike anwo a ansanm ak Kontra Pay it Off la.
 - Lè gen plizyè dosye, soumèt yon pèman separe pou chak dosye.
 - Fè pèman yo nan non “Sant Tretman Sipò pou Timoun nan NYS (NYS Child Support Processing Center)”.
 - Mete Nimewo Idantifikasyon dosye sipò pou timoun ou an epi ajoute “Pay It Of” la sou pèman ou an.



SONJE Pèman nou kolekte atravè yon konfiskasyon (tankou Asirans pou Moun ki nan Chomaj ak konfiskasyon chèk travay/òdonans pou kenbe yon kantite nan kèk revni (Income Withholding Order, IWO) sezi, oswa taks ki entèsepte yo **p ap** koresponn.

5. Poukisa mwen pa kalifye pou pwogram lan si mwen sèlman gen dèt pou paran k ap viv ak timoun lan men mwen pa gen dèt pou DSS?

OCSS sèlman gen otorite pou redui kantite kòb ou dwe gouvènman NYC a/DSS la.

Si ou gen sèlman dèt pou paran k ap viv ak timoun lan, ou pa ka patisipe. Lè w patisipe nan yon pwogram medyasyon an, li ka ankouraje konvèsasyon avèk paran k ap viv ak timoun lan pou li konsidere rediksyon dèt ou gen pou li a. Gade nan Depliyàn Sèvis Medyasyon an ki sou sit entènèt nou an:
bit.ly/MediationBrochure.

6. Kisa m kapab fè si mwen pa ka peye yon minimòm \$500?

Pwogram patikilye sa a mande pou ou peye yon minimòm \$500 pou aryere yo pou ou pwofite òf ki gen yon tan limite a.

Sepandan, si ou fè nenpòt pèman pou dèt sipò timoun ou an li ap nan avantaj ou nan lòt fason. Ou ka evite lòt mezi aplikasyon lalwa yo kote sa aplikab. Epitou, ou kapab enskri nan Pwogram Aryere Kredi nou an ki egzijè sèlman pou ou peye dèt sipò pou timoun ou an jan tribinal la mande pou ou fè l chak mwa a epi alafen w ap resevwa yon rediksyon ki ka jiska \$5,000 nan dèt ou a. Si w enskri pandan peryòd Pay It Off la, w ap jwenn yon rediksyon siplemantè k ap \$2,500. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a lè w al li Kesyon n°7 ak n°8 ki anba a.

7. Kisa ki Pwogram Kredi Aryere a?

Pwogram Kredi Dèt Anreta (Arrears Credit Program, ACP) pèmèt ou kalifye pou yon rediksyon dèt jiska \$5,000 pou dèt anreta DSS yo ki te asiye pou tout tan, apre ou fin peye kantite obligasyon tribinal la te òdone ou a nèt, regilyèman, pandan yon ane (12 mwa), kòmanse jou ou siyen akò Pwogram Kredi Dèt Anreta a. Ou ka kalifye pou jiska 3 lane epi diminye dèt ou jiska \$15,000 an total.

Si ou enskri nan Pwogram Kredi Aryere yo nan menm moman ou enskri pou Pay It Off la, epi ou kalifye, ou ka benefisye yon rediksyon siplemantè ki rive jiska \$2,500 nan dèt ou genyen pou gouvènman an/DSS la.

Men yon egzanp:



EGZANP	Pèman Pay It Off yo fèt ant 2 ^{ye} Mas ak 13 Mas 2026	\$500
Plis (+)	Montan ki koresponn nan	\$500
Plis (+)	Akò sou Kredi Aryere ki Siyen yo	\$2,500
Total (=)	Total ki aplike pou rediksyon dèt gouvènman an/DSS la pandan PIO a	\$3,500

Epi chak ane, pandan twa ane, yon rediksyon siplemantè ki rive jiska \$5,000 sou dèt ou a lè w respekte prensip Pwogram Kredi Aryere yo.

Pou paran ki pa gen gad timoun nan ki gen plizyè kont, yo ka aplike kredi yo sou chak kont endividyèl jan sa apwopriye (jiska kantite lajan ou dwe a).

8. Èske sa vle di m ap jwenn yon lòt rediksyon siplemantè k ap \$2,500 aryere si mwen enskri nan Pwogram Kredi Aryere (Arrears Credit program) a lè mwen enskri pou Pay It Off la?

Wi. Rediksyon siplemantè dèt la ki jiska \$2,500 depi yon moun siyen yon akò ACP pandan Pay It Off la imedyà. Ou dwe gen yon ane (12 mwa) pèman ki regilye epi ki konplè pou sipò pou timoun nan pou ou ka resevwa jiska \$5,000 kredi siplemantè ou kalifye pou li a nan finisman ane a. Ane sa a kòmanse nan jou ou siyen akò sou Pwogram Kredi Aryere a. Ou ka benefisye yon peryòd ki ka rive jiska 3 lane epi jwenn yon rediksyon dèt ki ka rive jiska \$15,000 an total.

9. Èske Mwen kapab fè plis pase yon sèl pèman ant 2^{ye} Mas ak 13 Mas 2026 la? Pa egzanp, si mwen peye \$1,000 nan premye semèn pwogram nan ak nan dezyèm semèn pwogram nan epi mwen ka jwenn yon lòt \$1,000, èske mwen ka fè de (2) pèman?

Wi, ou kapab fè plis pase yon sèl pèman ant 2^{ye} Mas ak 13 Mas 2026 toutotan pèman yo afiche sou kont ou anvan dat pwogram nan ap fini an ki se 13 Mas 2026 la, epi si yo tout ansanm, yo vin plis pase \$500, epi ou siyen epi ou voye yon akò pou chak pèman anvan dat pwogram nan ap fini an. Al gade Kesyon n°4 la pou w jwenn enfòmasyon sou kouman pou w fè pèman ki valid yo.

10. Kijan pou mwen soumèt Akò Pay It Off la ak/oswa aplikasyon Pwogram Kredi Aryere a?

Ou ka jwenn yon kopi akò Pay It Off la epi soumèt li konsa:

1. Telechaje Akò Pay It Off la sou <https://nyc.gov/payitoff>.
Ou ka resevwa youn (1) nan kourye lapòs.
2. Ranpli epi siyen akò a. Li obligatwa pou w gen yon akò separe **pou chak ka** pou w ka resevwa yon kredi.
3. Soumèt akò a epi yon kopi pyès idantite ki gen foto w konsa:

Pa Imèl nan dcse.cseweb@dfa.state.ny.us, asire w ou mete non konplè w, ak nimewo ID Dosye ou a, ak "Pay It Off" la nan imèl la

Nan kourye lapòs nan:

OCSS – Pay It Off
PO Box 830
Canal Street Station
New York, NY 10013

An Pèsòn nan:

151 W. Broadway, 4th floor
New York, NY 10013
Lendi – Vandredi, ant 8è a.m. ak 6è p.m. (eksepte jou ferye ak wikenn)
Oswa vizite nenpòt Biwo Sèvis Pansyon Alimantè (Office of Child Support Services, OCSS) nan Tribinal Fanmi yo.



Ou ka telechaje aplikasyon Pwogram Kredi Aryere a sou bit.ly/ArrearsCreditApp.
Soumèt li jan nou endike sa anwo a atravè aplikasyon Pay It Off la.

11. E si mwen soumèt pèman mwen (yo) sèlman epi mwen pa ranpli yon akò?

Ou p ap kalifye pou echanj Pay It Off la san yon akò ki siyen. Ou dwe ranpli, siyen epi retounen akò a anvan 13 Mas 2026 la. Gade Kesyon n° 10 lan.



12. Konbyen dèt mwen genyen?

Kontakte OCSS pou konnen balans kont ou a:

- **IMÈL** dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri mete non konplè ou ansanm ak nimewo dosye pansyon alimantè ou, oswa dat nesans ou, nan imel ou voye a, epi mete Pay It Off (Peye Li Nèt) nan liy sijè a.
- **MANDE** yon randevou nan telefòn ak travayè Sèvis Kliyantèl la lè ou voye yon imèl bay dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri bay non w, nimewo dosye Sipò Timoun nan oswa dat nesans la, yon deskripsyon enkyetid ou a (yo), nimewo telefòn, ak pi bon moman yo ka jwenn ou. Antre "Mande yon Randevou nan Sèvis Kliyantèl la" nan objè imèl ou a.
- **RELE** nan 888-208-4485, Liy Èd Sipò Timoun Vil New York la.
- Voye l nan kourye **LAPÒS** nan adrès OCSS, Pay It Off, PO Box 830, Canal Street Station, New York, NY 10013.

- **VIZITE** 151 W. Broadway, 4th floor, New York, NY 10013 (Lendi pou rive Vandredi, soti 8è a.m. pou rive 6è p.m. (sof jou konje ak wikenn yo)
Oswa vizite nenpòt Biwo Sèvis Pansyon Alimantè (Office of Child Support Services, OCSS) nan Tribinal Fanmi yo.

13. Si mwen peye \$500, konbyen kredi y ap ban m sou dèt mwen an?

Sa pral depann de dosye espesifik ou a. Pa egzanp, si ou peye \$500, dèt ou a ka redwi menm jan an jiska \$1,000 li ka menm rive egale kantite lajan ou dwe a. Egzanp nan Kesyon n° 2 ak 7 la ka itil.

14. Kimoun ki jwenn lajan an si mwen gen dèt pou ni DSS ak paran k ap viv ak timoun lan?

Yo pral distribiye lajan an selon règleman distribisyon federal yo. Pou aprann plis konsènan detay dosye w yo, ou kapab:

- **IMÈL** dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri mete tout non konplè w, nimewo dosye sipò timoun nan oswa dat nesans ki nan demand ou te fè pa imèl la. Ap gen yon moun ki rele w oswa ki reponn ou nan kourye lapòs.
- **MANDE** yon randevou nan telefòn ak travayè Sèvis Kliyantèl la lè ou voye yon imèl bay dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri bay non konplè w, nimewo dosye Sipò Timoun nan oswa dat nesans la, yon deskripsyon enkyetid ou a (yo), nimewo telefòn, ak pi bon moman yo ka jwenn ou. Antre nan “Mande yon Randevou nan Sèvis Kliyantèl la pou Pay It Off la” nan objè imèl ou an.
- **RELE** nan 888-208-4485, Liy Èd Sipò Timoun Vil New York la.
- Voye l pa **LAPÒS** nan adrès OCSS – Pay It Off, PO Box 830, Canal Street Station, New York, NY 10013.
- **VIZITE** 151 W. Broadway, 4th floor, New York, NY 10013 (Lendi pou rive Vandredi, soti 8è a.m. pou rive 6è p.m. (sof jou konje ak wikenn yo)
VIZITE nenpòt biwo OCSS nan Tribinal Fanmi yo.

15. Si mwen dwe yon lòt Eta oswa yon lòt konte lajan, èske mwen toujou kalifye pou pwogram nan?

Non, egalite pou pwogram sa a limite a lajan ou dwe gouvènman NYC/Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS).

16. Èske mwen kalifye pou patisipe nan Pwogram Pay It Off ane sa a si mwen te patisipe nan ane anvan yo?

Wi.

17. Kisa mwen dwe fè si mwen gen yon desizyon Lajistis ki mande pou m peye DSS lajan avèk enterè?

Si ou peye tout montan pou desizyon Lajistis ki mande pou ou peye lajan ou dwe NYC DSS la san enterè, enben OCSS ap elimine tout enterè ou dwe yo tou.

18. Si m peye tout montan pou desizyon Lajistis m dwe DSS la nèt, èske tout enterè m yo ap elimine?

Wi.

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou ou fè sa avi sa a mande pou ou fè yo? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan 718-557-1399. Ou kapab mande èd tou lè ou al nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa daprè lalwa.